A Chisimbiso chechinomwe. Zvakazarurwa 8:1-5.

- ❖ Apo moto (v. 5) unokandirwa kunze (kuchivanze che Tembere,ku Nyika), Johani anoona kutonga kwa Mwari kuchiiswa kune vanhu vakamupandukira.

B Hwamanda nomwe. Zvakazarurwa 8:6-9:21.

- ❖ Hwamanda dzaishandiswa sei mu Testamende Yekare?
  - — Kuunganidza vanhu (Numeri 10:2-4)
  - — Kupa yambiro uye kudana kuhondo (Numeri 10:9)
  - — Kufara pamitambo,pazvipiriso zvinopiswa uye pazvipiriso zvekuyanana. (Numeri 10:10)
  - — Kuzivisa "zuva raJehovha", Rutongo(Joere 2:1)
- ❖ Vanhu vaMwari vatonembwa kare (9:4) uye vatumwa vana vanosiya mhepo (9:14-15; cf. 7:1-3), nokudaro izvi zvinoitika zvichifanana nematenda manomwe.
- ❖ Hwamanda dzakafanana kwazvo nematenda emu Ijipita,nemamwe anowanikwa mu Testamende Yekare. Tikatsanangura chisimbiso nemhepo sekuti zvine chekuita kuvatendi vose (VaEfeso 1:13), tinogona kuisawo tsananguro yehwamanda nomwe kunhoroondo.

C Kutura mafemo:

- ❖ Pane kanguva kekumbotsanangura pakati pemitongo yaMwari pane avo vasingaremekedzi Mwari nehwamanda yechinomwe.
- ❖ Mwari anotsanangura kuti akadana vanhu sei kwaari mumakore 1,260 ekutambudzwa uye nyasha dzisati dzapera.Anoshandisa Vakasaririra (chitsauko 10) uye Bhaibheri (chitsauko 11).
- ❖ **Mutumwa ane bhuku duku. Zvakazarurwa 10.**
  - — Kuvepo kwemutumwa wemuna Zvakazarurwa 10 zvinoratidza kuti ndi Jesu Kristu (Zva. 1:13-16; 5:5; Ho. 11:10; Am. 3:8).
  - — Mutumwa ane rugwaro rwa Danieri muruoko rwake,uye anoti hakuzovi nenguva (cf. Danieri 12:7-9). Izvi zvinotaurwa panguva iri pakati pekupera kwe makore 1,260 ekutambudzwa uye nekuguma kwenguva refu refu muzviporofita zva Danieri,makore 2,300 (ndiko kuti muna. 1844 AD).
  - — Hapasisina zviporofita zvenguva mushure maizvozvo.Pane basa rimwe chete:kuparidza Vhangeri. (v. 11).
- ❖ **Zvapupu zviviri. Zvakazarurwa 11.**
  - Tembere yaifanirwa kuyerwa na Johani yaiva Senjuwari yekudenga uye aritari yayo yendarama.Ruvazhe ruri kunze rwaisafanirwa kuyerwa,nekuti runomiririra Nyika. Tikatarisa izvi uye nemuono uri muna Zakariya 4,tichanzwisisa kuti zvapupu zviviri izvi "Ishoko ra Jehovah" rakasimbiswa ne "asi no Mweya wangu." (v. 6)
  - — Pakazopera kutambudzwa,Chimurenga cheku France chakaedza kuparadza Bhaibheri,chichirirambidza kwemakore matatu nechidimbu (kubva 11/26/1793 kusvika 6/17/1797).
  - — Zvakadaro,Bible Societies yakaparadzira Bhaibheri nenzira yekuti rakasimudzirwa zvakare,kuti risazoparadzwezve.